**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «ЦЕНТР ОБРАЗОВАНИЯ г. ГУДЕРМЕС»**

**Приложение к ООП ООО**

**Р**

# Рабочая программа

**по внеурочной деятельности**
**курса «Чеченская традиционная культура и этика»**
***(духовно-нравственное направление)***

**5-7 классы**

**2023-2024 учебный год**

***Г1иллакх – оьздангалла 1аморан керла лехамаш:***

*«Нохчийн къоман г1иллакхаш, оьздангаллин барамаш дешархошна бовзийтар а, къоман г1иллакхехь къона т1аьхье кхиор а».*

**Чулацам**

1.Юккъерчу корматаллин дешаран пачхьалкхан стандарта т1ера схьахаьржинарг

2.Довзийтаран кехат

3.Дешархойн хааршка а, 1аморашка а болу лехамаш

4.Дешаран дисциплинин гергара чулацам

5.Дешаран дисциплинин коьчалан план

6. Пайдаэцна литература

**5 класс Нохчийн гIиллакх-оьздангалла»**

**1. Юккъерчу корматаллин дешаран пачхьалкхан стандарта т1ера схьахаьржинарг**

Нохчийн гIиллакх-оьздангалла а хьехаран корматаллин арахоьцучу дешархойн лаххарчу чулацамна а, кечбаран барамна а болу пачхьалкхан лехамаш.

**2. Довзийтаран кехат**

«Нохчийн гIиллакх-оьздангалла» цIе йолу дисциплина ишколашкахь Iамо юкъаяккхар чIогIа мехала гIуллакх ду. ХIунда аьлча, муьлххачу а къоман коьрта билгало а, кхечу къаьмнех и схьакъастош Дала цунна делла совгIат а ду цу халкъан мотт а, гIиллакхаш а. Шен халкъан и коьрта билгалонаш йицийна адамаш, шайн цIийца схьадовлар муххa делахь а, цу къомах лара йиш яц.

ТIаьххьарчу шерашкахь вайн махкахь хуьлу бохамаш а, зуламаш а бахьанехь, нохчийн мотт а, литература а, гIиллакх-оьздангалла а ишколашкахь Iамор чIогIа гIелделлера, данне а дацара ала а мегар долуш. Къаьсттина ледара хьал ду гIиллакх-оьздангалла хьехарехь. ХIунда аьлча, ишколашкахь а, дешаран лаккхарчу заведенешкахь а юкъаялийна дикка хан елахь а, цу предметана лерина я программаш а, я Iаматаш а яц. И бахьанехь хьехархоша шайн урокашкахь юкъара къамелаш деш, «хан йойу». Цундела оцу дарсех (урокех), оцу «хьехамех» дешархошна хуьлу тIеIаткъам Iаламат кIезиг бу.

Ткъа «Нохчийн гIиллакх-оьздангалла» цIе йолу предмет хьоьхуш билггала дийца хIума хила деза хьехархочун, билггала долу масалш а далош. И масалш фольклорера, литературера хилла ца Iаш, дахарера а хилча бакъахьа хир ду. Иштта бен кхочур вац хьехархо шен Iалашоне – вайнехан оьзда гIиллакхаш берашна довзийтина ца Iаш, цаьргахь уьш хIора дийнахь лело хьашт кхолларе а.

Цу тIехь мелла а гIо дийр ду аьлла хета оха арахоьцучу «Нохчийн гIиллакх-оьздангалла» предметана хIиттийначу программаша.

ХIара программаш хIиттийна юьхьанцара юкъарадешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан буха тIехь.

16-

**3. Дешархойн хааршка а, 1аморашка а болу лехамаш**

**<u>Пхоьалг1ачу классан</u>** программа деа декъах лаьтта: «Хьо дуьненчу веана», «Хьо адамашна юккъехь веха», «Хьо Iаламехь веха», «Хьуна ловзарехь дуьне девза».

Хьалхара дакъа лерина ду хIора стага уггар хьалха къасто дезачу хаттаршна: Хьан кхоьллина дуьне а, Iалам а, адам а? Мичара баьлла адамашна оьздангаллин кхетам? Царна нийса жоьпаш карийначул тIаьхьа стагана (берана) тIедужу Аллах1ана хастам бар а, Iамал яр а. Иза стеган иман хилар ду. Иза (Аллах1ах тешар) оьздангаллин бух бу. Цундела мехала ду и дакъа Iамош дешархошна кIорггера хааршдалар.

ШолгIачу декъехь нахана юккъехь даха долалучу адамна уггаре а хьалха хаа дезарш ду билгалдина: салам-маршалла хаттар, нахе цара дечу гIуллакхе

хьаьжжина вистхилар, ловца баккхар, деца-ненаца а, вежаршца а, йижаршца а лело деза гIиллакхаш, иштта дIа кхин а.

Программин кхоалгIачу декъехь дешархой Iаламца къинхетаме хила Iамабо, хIунда аьлча, Iаламца къиза, бендоцуш волу стаг оьзда лара йиш яц. Дала адам векал дина Iаламан дола дан.

ДоьалгIачу декъехь нохчийн берийн ловзарех лаьцна дийца лерина. Дешархошна дуккха а хIума довзийта, царна дика амалш а, гIиллакхаш а Iамо аьтту бу ловзаршца.

**4. Дешаран дисциплинин гергара чулацам**

**5 класс**

**<u>I дакъа</u>**

**Хьо дуьненчу веана**

ХIара дерриге а дуьне – адам а, Iалам а – кхоьллинарг Аллах1 хилар. Стигал, седарчий, латта, хиш, хIордаш, лаьмнаш – Аллах1а кхоьллина инзаре-даккхий тамашийна ниIматаш.

Аллах1ана хастам бар. Iуьйре муха тIеэца еза? Суьйре муха тIеэца еза? Iуьйранна а, суьйранна а ала деза дешнаш.

Хьо нохчо а, хьан Даймохк Нохчийчоь а хилар. Нохчийн мотт а, гIиллакхаш а Аллах1а хьуна делла совгIаташ хилар а, уьш Iалашдан дезар а.

ХIора стага шен ойла а, дегI а цIена латто дезар. Ламаз дар.

Туьха, сискал, хи. Уьш вайнахана деза хетар. ХIума яа кечам бар. Яа волалуш олу дешнаш. ХIума юуш лело деза гIиллакхаш. Кхача биъна ваьлча олу дешнаш. Юучу хIуманан хама бар. «Ягийна хIума йиъча, майра хуьлу», – бохучу дешнийн маьIна.

Керла дешнаш.

Талламан хаттарш а, тIедахкарш а.

**Х1ара дакъа 1амийча дешархочунна хаа декхар ду:**

– х1ара дерриге х1ума - Адам а, 1алам а – кхоьллинарг Аллах1 хилар а, цунна хастам бан безар а;

– Аллах1ана хастамбарца 1уьйре, суьйре т1е муха эца еза а;

– Нохчийн мохк бовзар а, безар а, Нохчийн мотт хаар а, 1алашбар а шена т1ехь дуйла;

– ялтица лераме а, х1ума яаран г1иллакхаш девзаш а хила.

**Дешархочун таро хир ю** кхид1а а х1окху декъехула шен хаарш к1аргдан, нохчийн литературина, фольклорана т1е а тийжаш, баккхийчаьргара зеделларг схьа а оьцуш.

**II дакъа**

**Хьо адамашна юкъахь веха**

Да, нана, къам, мохк, ахь айхьа къастам бан йиш йоцуш, хьо дуьненчу воллушехь Дала билгалдина хилар. Деца-ненаца болу лерам. Вежаршций, йижаршций йолу хьан юкъаметтигаш.

Баккхий нах ларар. Церан хан дика яр. Некъ битар. ГІо дар. Новкъа воьдуш воккхачунна муьлхачу агІор хІотта веза хаар.

«Дешар – серло, цадешар – бода». Оцу кицанан маьІна. Дешначу стагана дахарехь нийса некъ харжа а, дика гІуллакхаш дан а атта хилар. «Китай махка гІой а, Іилма Іамаде», – бохучу хьадисан маьІна.

Нахе, цара дечу гІуллакхашка хьаьжжина, вистхилар. Латта охучу, ялта дІадуьйчу, асар дечу, дечиг доккхучу, хІума юучу, Далла Іамал йина ваьллачу, цхьанхьа ваха новкъа ваьллачу, иштта кхитайпа а гІуллакхаш дечу нахе олу дешнаш.

Хьаша тІеэцар а, цуьнга салам-маршалла хаттар а.

Керла дешнаш.

Талламан хаттарш а, тІедахкарш а.

**Х1ара дакъа 1амийча дешархочунна хаа декхар ду**:

– доьзалехь ша лелон деза г1иллакхаш;
– бакхий нах муха лара беза;
– дешар, 1илма 1амор дахарехь ч1ог1а оьшуш хилар;
– нахе, цара дечу г1уллакхе хьаьжжина, вист муха хила веза;
– хьаша муха лара веза;

**Дешархочун аьтту хир бу** кхинд1а а оцу декъехула шен хаарш т1едуза, баккхийчех дагавуьйлуш а, литературах, фольклорах пайдаоьцуш а.

**III дакъа**

**Хьуна ловзарехь дуьне девза**

Нохчийн берийн ловзарш а, церан оьздангалла а. Ловзарш – бераш оьздангаллехь кхетош-кхиоран гІирс.

Гал-гІожмех ловзар а, цуьнан бакъонаш а. ГІулгех ловзар а, цуьнан бакъонаш а. Коьлаках ловзар а, цуьнан бакъонаш а. Тахьтаргех ловзар а, цуьнан бакъонаш а.

Лечкъаргех ловзар а, цуьнан бакъонаш а, цуьнца доьзна дагардарш а.

Гонна юкъаваларх ловзар а, цуьнан бакъонаш а. «Ломах хьала йоьду ворда» ловзар а, цуьнан бакъонаш а.

«Куй билла вахар» а, цу ловзаран кхетош-кхиоран маьІна а.

«Хаттар – жоп» бохучу маьІнехь долу ловзарш а, цара дуьненах болу берийн кхетам кхиор а.

Керла дешнаш.

Талламан хаттарш а, тӀедахкарш а.

**Х1ара дакъа 1амийнчул т1аьхьа дешархо декхар ву**:

– нохчийн къоман тайп-тайпана берийн ловзарш довза;

– церан кхетош-кхиоран маь1нех кхета.

**Дешархочунна аьтту хир бу** шен лаамца халкъан кхидолу ловзарш довза а, кхетош-кхиоран маь1на долу керла ловзарш кхолларехь, юкъадахарехь дакъалаца а.

**<u>IV дакъа</u>**

**Хьо Іаламехь веха**

Адам Аллах1а Іаламан дола дан векал дар. Іалам лардар – оьздангаллин билгало.

Шовданаш, Іаьмнаш, ахкаш бехдан а, хи эрна дайа а мегаш цахилар. Синтарш, дитташ, хьайн доккха хьашт ца хилча, охьатоха а, хадо а, кагдан а цамагар. Олхазарийн баннаш дохор, олхазарш дайар – доккха къа.

ЦІахь лелочу хьайбанийн дола дар. Хьайбанаш дузийна а, шаьш чохь латто меттигаш екъа йолуш а хила дезар.

Дуьненахь массо а хІума Аллах1а кхоьллина а, цундела шен цхьа маьІна долуш а ю.

**Чохь са долчу Іаламца адамийн хила еза юкъаметтигаш**

ЦІахь лелон хьайбанаш а, церан дола дар а.

Говр а, цуьнца доьзна нохчийн гІиллакхаш а, дийцарш а, эшарш а («Дин беллачу кІентан йиш», «Дин хьовзон йиш» цІераш йолу халкъан мукъамаш).

УьстагІах, газанах, вирах долу халкъан кицанаш а, туьйранаш а, церан философски маьІна а.

Нохчийн хІусамехь жІаьлин, цициган меттиг, оцу дийнатех лаьцна нохчийн барта кхолларалехь йолчу произведенийн оьздангаллин чулацам а, маьІна а.

Акхарошца йолу юкъаметтигаш а цхьана гура чохь, цхьана хоршахь хила езар. Акхарой лардар а, акхарошна таллар а. Цхьана а экханан хІу хадо йиш цахилар.

Борз а, цунах лаьцна долу нохчийн халкъан дийцарш а, тешамаш а, аларш а.

Сай нохчийн фольклорехь, цунах лаьцна долу халкъан илли. Кхидолчу акхаройн амалш йовзуьйту нохчийн туьйранаш а, кицанаш а, церан оьздангаллин маьІна а.

Олхазаршца йолу юкъаметтигаш нохчийн оьздангаллехь. Къаьсттина чІогІа лерам болу олхазарш – чІегІардиг, кхокха. ЧІегІардиган адамашца долу гергарло а, иза кхолладаларх долу шира дийцар а. Нохчийн божаршна а,

зударшна а олхазарийн цIераш тахкар – олхазаршка болу лерам гучубалар. Олхазарех лаьцна Къуръан чохь аьлларг.

Сагалматийн дахар а, царах йолчу произведенийн философски маьIна а. Зингатех долу кицанаш а, дийцарш а. Додамца, бумбарица боьзна халкъан тешамаш. Накхармозех лаьцна Къуръан чохь аьлларг.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьIна дар.

Талламан хаттарш а, тIедахкарш а.

Iамийнарг карладаккхар а, тIечIагIдар а.

**Х1ара дакъа 1амийнчул т1аьхьа, дешархо хаа декхар ву**:

– ц1ахь лелочу хьайбанийн дола муха дан деза;

– акхарошца адамийн х1ун юкъаметтигаш хила еза;

– олхазаршца адамийн х1ун юкъаметтигаш хила еза;

– сагалматашца адамийн х1ун юкъаметтигаш хила еза.

**Нохчийн къоман дезденош (цIайш) а, церан оьздангаллин маьIна а**

П1ерасканан де а, цуьнан дозалла а. Бусалба динехь пIерасканан дийнах лаьцна дуьйцург. Оцу дийнахь делккъалц болх ца бар а, бан беза кечам а бина, маьждиге рузба дан вахар а деза хилар. ПIерасканан буса сагIийна хIума ялар а, Къуръан дешар а, белларш дагалоцуш мел балар а.

Марха досту де а, цуьнан дозалла а. Марха – Дала тIедехкинчу парзех цхьаъ. Марха кхабаран миэл. И кхобучаьрга дастийтаран миэл. Марха достучу денна нохчаша бен кечамаш: лийчар, саьхьаш дахар, цIена бедар тIеюхар, кхачанаш кечбар. Оцу дезчу дийнахь бераша дакъалацар.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьIна дар.

Талламан хаттарш а, тIедахкарш а.

Iамийнарг карладаккхар а, тIечIагIдар а.

**Х1ара дакъа 1амийнчул т1аьхьа дешархочунна хаа деза**:

– хьалха заманахь нохчийн муьлха дезденош хилла;

– бусулба дин т1еэцарца муьлха дезденош даьхкина вайна юкъа;

– уьш даздаран башхаллаш а, кхетош-кхиоран маь1на а х1ун ду.

**Дешархочун таро ю** оцу декъехь долу шен хаарш кхин а к1аргдан, шордан, исбаьхьаллин литературах, фольклорах пайда а оьцуш.

***5-г1а класс***

| № | Теманаш | с | хан | хан |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Хьо дуьненчу веана | 17 | | |
| 2. | Чохь са долчу 1аламца адамийн хила еза юкъаметтиг. | 17 | | |

***5-г1а класс***

*(сахьташ: шарахь – 34; к1иранах – 1)*

| № | Теманаш | с | Календарни хенаш | Билгала урок елла хан |
|---|---|---|---|---|
| | **Хьо дуьненчу веана** | **17** | | |
| 1 | Хьо а, дуьне а | 1 | | |
| 2 | Аллах1а мел кхоьллина х1ума цхьа маь1на долуш хилар. | 1 | | |
| 3 | Аллах1ана хастам бар. | 1 | | |
| 4 | Хьо нохчо а, хьан Даймохк Нохчийчоь а хилар. | | | |
| 5 | Нохчийн – кьоман г1иллакхаш кхолладалар | 1 | | |
| 6 | Нохчийн – кьоман г1иллакхаш | 1 | | |
| 7 | Х1ора стага шен ойла а, дег1 а ц1ена латто дезар. | 1 | | |
| 8 | Туьха, сискал, хи. Уьш вайнахана деза хетар. | | | |
| 9 | Кхачица лелон деза г1иллакхаш. | 1 | | |
| 10 | Да, нана, мохк къесто йиш ца хилар. | 1 | | |
| 11 | Деца, ненаца болу лерам. | 1 | | |
| 12 | Вежарий, йижарий хила еза юкъаметтиг. | 1 | | |
| 13 | Баккхий нах ларар. | 1 | | |
| 14 | «Дешар – серло, цадешар – бода», - кицанах лаьцна. | 1 | | |
| 15 | Хьаша т1еэцар, цуьнга салам - маршалла хаттар а. | 1 | | |
| 16 | 1алам лардар – оьздангаллин билгало. | 1 | | |
| 17 | Ц1ахь лелон хьайбанаш а, церан дола дар а. | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Чохь са долчу 1аламца адамийн хила еза юкъаметтиг.** | | **17** | | |
| 18 | Говр а, цуьнца доьзна нохчийн г1иллакхаш а. | 1 | | |
| 19 | Уьстаг1ах, газанах, вирах долу халкъан кицанаш а, туьйранаш а. | 1 | | |
| 20 | Нохчийн х1усамехь ж1аьлин, цициган меттиг | | | |
| 21 | Борз а, цунах лаьцна халкъан дийцарш а. | 1 | | |
| 22 | Олхазарш а, сагалматаш а. | 1 | | |
| 23 | Хьун а, хьуьнан дахар а. | 1 | | |
| 24 | Акхарошца йолу юкъаметтигаш, уьш лардар а, царна таллар а. | 1 | | |
| 25 | Сай – нохчийн фольклорехь. | 1 | | |
| 26 | Нохчийн халкъан дезденош а, церан оьздангаллин маь1на а. | 1 | | |
| 27 | П1ерасканан де а, цуьнан дозалла а. | 1 | | |
| 28 | Марха досту де а, цуьнан дозалла а. | 1 | | |
| 29 | Вайн заманан дезденош. | 1 | | |
| 30 | Берийн ловзарш церан оьздангалла. | 1 | | |
| 31 | Берийн ловзарш церан оьздангалла. | 1 | | |
| 32 | Талламан болх. (Диспут, горга стол) | 1 | | |
| 33 | 1аламе экскурси. | 1 | | |
| 34 | Шарахь 1амийнарг карладаккхар. | 1 | | |
| | | 34 | | |

**6. «Нохчийн гIиллакх-оьздангалла» хьоьхучунна гIоьнна**

**Л И Т Е Р А Т У Р А**

1. Абдулаев Л. Орамашший, тIемашший. – Соьлжа-ГIала, 1986.
2. Абдулаев Л. Г1енех сан г1енаш. – Назрань, 2002. Абдурашидов А. Йист йоцу дахар. – Орга, 1992, № 4.
4. Авторханов А. Нохч-ГIалгIайн халкъ хIаллакдар. СССР-н халкъаш хIаллакдар. – М., 1991. *(Оьрсийн маттахь. КхидIа – Оьрс. м.).*
5. Акаев В. Шайх Кунта-Хьаьжин дахар а, Iилма а. – Орга, 1993, № 2.
6. Алироев И. Нахски меттанаш а, культура а. – Соьлжа-ГIала, 1979. *(Оьрс. м.).*
7. Айдамиров А. Адамаш, кхолламаш, гIиллакхаш. – «Грозненский рабочий» газет, 1989, 10 декабрь. *(Оьрс. м.).*
8. Айдамиров А. Вайн амалш. – «Васт» газет. 1994, май.
9. Айдамиров А. Дарц. – М., 1999.
10. Айдамиров А. Еха буьйсанаш. – Соьлжа-ГIала, 1973, 1990.
11. Айдамиров А. Лаьмнийн некъашкахула. - Соьлжа-ГIала, 1975.
12. Айдамиров А. Нохч-ГIалгIайчоьнан историн хронологи. – Грозный, 1991. *(Оьрс. м.).*
13. Арсанукаев Ш. Керла де. – Соьлжа-ГIала, 1980.
14. Ахмадов М. МаьркIажехь дитташ. – Соьлжа-ГIала, 1989.
15. Ахмадов М. Нохчийн синкъерам. – «Даймохк» газет, 1992, № 177.
16. Ахмадов М. Сатоссуш, седарчий довш. – Соьлжа-ГIала, 1986.
17. Ахмадов М. Светофорах а, кхечу хIуманех а. – «Даймохк» газет, 1992, №
18. Ахмадов М. Б1е эзар дика г1уллакх. – Назрань, 2002.
19. Ахмадов М. Собар, къинхьегам, иэхь-бехк. – «Даймохк» газет, 1992, № 25
20. Ахмадов Ш. Имам Мансур. – Соьлжа-ГIала, 1991. *(Оьрс. м.).*
21. Бадуев С. Гулйина сочиненеш. I, II тт. – Соьлжа-ГIала, 1976.
22.Байсултанов Дадаш, Байсултанов Дауд. Нохчийн-оьрсийн фразеологически дошам. – Соьлжа-ГIала, 1992.
23. Бексултанов М. архийн кIайн гIаргIулеш. – Соь-ГIала, 1985
24. Бексултанов М. Юха кхана а, селхана санна. – Соьлжа-ГIала, 1988.

**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**
**ГОСУДАРСТВЕННОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «ЦЕНТР ОБРАЗОВАНИЯ г. ГУДЕРМЕС»**

**Приложение №1 к ООП ООО**
**ГБОУ**
**«ЦЕНТР ОБРАЗОВАНИЯ г. ГУДЕРМЕС»**

Приказ № _____ от 29.08 2023г

**РАССМОТРЕНО**
Руководитель МО ГЦ
Р_______/Т.Д.Солтаева/
Протокол №____ от
«29» 08. 2023г.

**СОГЛАСОВАНО**
Заместитель директора по УР
_______/Л.С. Исмаилова/
«29» 08.2023г.

**а**

# Рабочая программа

**по внеурочной деятельности**
**курса «Чеченская традиционная культура и этика»**
***(духовно-нравственное направление)***

**7 классы**

**Составитель: Кусаева Б.С.**

**2023-2024 учебный год**

***Г1иллакх – оьздангалла 1аморан керла лехамаш:***

*«Нохчийн къоман г1иллакхаш, оьздангаллин барамаш дешархошна бовзийтар а, къоман г1иллакхехь къона т1аьхье кхиор а».*

**Чулацам**

1.Юккъерчу корматаллин дешаран пачхьалкхан стандарта т1ера схьахаьржинарг

2.Довзийтаран кехат

3.Дешархойн хааршка а, 1аморашка а болу лехамаш

4.Дешаран дисциплинин гергара чулацам

5.Дешаран дисциплинин коьчалан план

6. Пайдаэцна литература

**7 класс**

**Нохчийн гІиллакх-оьздангаллин коьрта мехаллаш (34 сахьт)**
**1 дакъа**

Адам ларар

Адам Дала шен векал дина дуьненчу даийтина хилар.

Адаман дахаран мах. Нохчийн Іадатехь муха хилла иза? Барта кхолламараллехь муха дуьйцу адаман дозаллех?

Бусалба дино адаман дахаран мах билгалбар. Бехке воцуш стаг вийча, стагана хуьлуш долу къа.

Нохчийн Іадатехь стагаца болу лерам бохийначу нахана деш хилла таІзар.

Масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьІна дар.

Сий

«Сий» бохучу кхетаман маьІна. Цу дашехь шина кхетаман – «са», «цІий» – маьІна хилар. Сий долу стаг а, сий доцу стаг а. Царна юкъара башхалла.

Сий – стеган дайша дина дика гІуллакхаш а, и бахьанехь нахалахь церан йисина цІе а. Сий – стеган дикачу гІуллакхийн жамІ а, цундела юьхькІай дІалела йиш хилар а.

Фольклорера, дахарера масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьІна дар.

Собар

Собар – вайн къомо уггаре а чІогІа лоруш хиллачу гІиллакхех цхьаъ. «Сихалло са даьккхина, собаро лам баьккхина», – бохучу кицанан маьІна.

Собар – иза хиллачух нийса кхета а, сихаллехь зулам ца деш сацавала а собар дар ду.

Собаран барам. Къонахчун собар, Эвлаяан собар. Зандакъарчу ГІеза-Хьаьжин иман а, собар а.

Масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьІна дар.

Майралла

Майралла – кхидІа собар дан йиш ца хилча гучуяккха еза амал. Майралла а, сонталла а. Цу шинна юккъера башхалла. Сонталла – ойла ца еш, дов даккха, зулам дан кийча хилар.

Майралла – нийсо меттахІотто, оьздангалла ларъян оьшург дан кийча хилар.

Фольклорера, дахарера масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьІна дар.

Яхь

Яхь – иза вайнехан шатайпанчу гIиллакхех цхьаъ. Яхь – дикачу гIуллакхаш тIехь кхечул оьшуш ца хила гIерташ, гуттар а къийсаман хьолехь хилар.

Оьзда яхь а, харц яхь а. Цу шинна юккъера башхаллаш.

ХьагI – хIуъа дина а, харцо лелийна а, кхечул тола гIертар; цунна дика болх хилча халахетар, вуон болх хилча дика хетар. ХьагI – иза даккхийчарах къа. «ХьогIо шун Iамалаш ягайо, чIогIачу малхо буц санна», – бохучу хьадисан философски маьIна.

«Яхь», «хьагI» боху кхетамаш дуьхь-дуьхьал маьIна долуш хилар. Делахь а церан юкъарниг, вовшашка тераниг – стаг къовсаман хьолехь хилар. ХIора стаг, шен яхь хьогIе ца йоьрзуьйтуш, ларвала везаш хилар. Ша яхь лелайо а моьттуш, стага хьагI лелоран масалш. Шен лаамера дIа а ваьлла, стаг шайтIанан лааме верзар.

Бусалба дин тIеэцале йохьо нохчийн юкъараллехь лелийна маьIна. Исламо магочу кепара яхь лелор а, цхьаьнцца а къовсавелла а воцуш, Делан дуьхьа дика гIуллакхаш дан кийча хилар а.

Дахарера, литературерера масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьIна дар.

Къинхетам

Къинхетам – оьздачу стеган коьртачу билгалонех цхьаъ. Адамашца а, Iаламца а къинхетаме хилар – хIора стеган сийлахь декхар.

Къизалла – оьздачу стагехь хила йиш йоцу сакхат. Вайн оьзда дай къинхетаме хиларан масал. Эшначу стагаца, и мостагI велахь а, къиза хилар – осалалла.

Уггаре а къинхетам хила йиш яц аьлла хетачу меттехь – девнехь а, – хадо йиш йоцуш, вайн дайша къинхетаман доза лардина хилар. «Шаьлта Iуттур яц къотIалгIа вина воцчу стага», – бохучу аларан маьIна.

Къинхетамах лаьцна Дала Къуръан чохь аьлларг.

Къинхетам гучубаларан дахарера а, литературера а, фольклорера а масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьIна дар.

Комаьршалла

И синмехалла къинхетамца йоьзна хилар. «Комаьрша» бохучу дешан маьIна. Бакъйолу комаьршалла а, цIархазаман, моттаргIин комаьршалла а.

СагIийна хIума ялар – комаьршаллин билгало. ЦIенчу сагIин деза хилар. Ша делла сагIа, дина дика дийца йиш цахилар. Иза дийцар – шена Делехьара хила тарло ял а ца гуш, нахе цIе яккхийта гIертар.

Хьаша тIеэцарехь, цунна шун хIотторехь комаьршалла гучуялар. «Ахь дIадиллинарг дайна, ахь дIаделларг Iалашдина», – бохучу халкъан аларан философски маьIна.

Комаьршалла а, кхоаме хилар а, бIаьрмецигалла а. Царна юккъера башхаллаш. Халкъалахь цIеяххана комаьрша нах а, церан оьздангаллин сурт-сибат а.

Дахарера, фольклорера масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьIна дар.

<u>ДоттагIалла</u>

Нохчийн халкъалахь доттагIа лацаран гIиллакхан башхаллаш. «Дуй биъна доттагIа» боху кхетам а, цуьнан оьздангаллин чулацам а. ДоттагIалла – цIийца доцу, амма шен жоьпаллица цул а чIогIа долу гергарло. Иза сингергарло ду, шина стеган дуьнене хьежамаш, ойланаш, гIиллакхаш цхьаьна дар.

Кхечу къаьмнех стагаца доттагIалла лацаран гIиллакх.

«Ваша а гергара стаг вац, нагахь хьан цуьнца доттагIалла дацахь», – бохучу халкъан аларан философски маьIна.

Дахарера, литературера, фольклорера масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьIна дар.

<u>Тешам</u>

Тешам – доттагIаллехь а, кхин тайпа муьлхха а юкъаметтигаш лелорехь а уггаре хьалха оьшу синмехалла.

«Ма лойла вай, кIентий, вовшех тешам ва байна», – бохучу аларан философски маьIна. Нохчийн иллешкахь даладо чIогIачу тешаман масалш («Жерочун кIентан илли», «ГIебартойн Курсолтин илли», кхидерш).

Тешнабехк – стагаца хуьлучу уггаре а даккхийчарах сакхат а, къа а. Тешнабехк бекхам боцуш буьсуш цахилар. И тIечIагIдеш долу фольклорера масалш. «Тешнабехк гIолда-кха тешнабехк лелочу нахах», – боху халкъан сардам а, цуьнан маьIна а.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьIна дар.

<u>Къонах</u>

Къонах – вай лакхахь мел йийцина синмехаллаш шеца йолу стаг. Къонах бохучу дешан маьIна. Къонах – иза халкъо кхоьллина, стаг муха хила веза бохучу хаттарна жоп луш, массо а хIума меттахь долчу адаман васт.

Къонах боху кхетам хан-заманца хийцалуш хилар. Нохчийн цхьадолу иллеш талларца иза билгалдолуш хилар – «Эла Хасин илли», «Баьчча Балун илли», «Зайтан Шихмирзин илли», «Адин Сурхон, эла Мусостан илли».

Къонахчун васт кхуллуш нохчийн яздархоша язйина произведенеш. Дикаев Мохьмадан «Нохчо ву со», Сулейманов Ахьмадан «Шуьнехь дош»

(«Къонаха мила ву?..») бохучу стихотворенийн маьӀна дар, цу произведенешкахь кхоьллина къонахийн васташ.

«Дуьнен чохь уггар а хала къонах хилар ду, цул а хала – къонах а хилла, чекхвалар», – бохучу халкъан аларан философски маьӀна. Таймин Бийболата халкъалахь шен «къонах» аьлла цӀе дӀаяхарх лаьцна аьлларг а, цуьнан оьздангаллин маьӀна а.

Нохчийчохь баьхна эвлаяаш – бакъболу къонахий.

Дахарера масалш.

Кхета хала долчу дешнийн а, аларийн а маьӀна дар.

**Х1ара дакъа 1амийнчул т1аьхьа дешархо хаа декхар ву**:

– нохчийн оьздангаллин коьрта мехаллаш муьлханаш ю а, церан маь1на а;

– «къонаха» бохучу дешан маь1на а, къонахчуьнгахь хила еза коьрта амалш х1ун ю а.

**Дешархочун оцу декъехь** долу шен хаарш кхинд1а а т1едуза йиш ю, нохчийн халкъан иллеш а, вайн эвлаяийн, дикчу нехан, турпалхойн дахарх болу хаамаш а боьшуш.

## 2 дакъа

**Адамо ша шеца, чохь, арахь, новкъахь, баккхийчаьрца, кегийчаьрца лело деза гӀиллакхаш**

Стеган оьздангалла цо ша шеца лелочу гӀиллакхашна тӀера дӀайолаялар. Стеган шен дог-ойла а, юьхь-сибат а, дегӀ а цӀена латто дезар. Куьцан а, чулацаман а цхьаалла.

«ЦӀеналла ах дин ду», – бохучу хьадисан чулацам. Адаман син а, дегӀан а цӀеналла латториг ламаз хилар.

Стеган духарца хила еза цӀеналла. Оьздачу духаран гайтамаш: дегӀана хьулам беш а, паргӀат а хилар. Коьрта хӀума тилларан маьӀна. Коьртара куй баккхаран, коьртара йовлакх даккхаран философски а, исторически а маьӀна. Мехкарий а, кӀентий а кечбаларан башхаллаш.

Стеган ког баккхаран, боларан оьздангалла. Нахе вистхилар. Баккхийчаьрга, шен нийсархошка, шел кегийчаьрга, берашка вистхиларан кепаш. Нохчийн салам даларан, маршалла хаттаран бакъенаш. ТӀекаре, чукаре. Нахе, цара дечу гӀуллакхе хьаьжжина, вистхилар.

Меттан оьздангалла. Воккхачу стеган, жимчу стеган, зудчуьн, йоӀстеган къамелан башхаллаш. Пхьоьха, цо нохчийн дахарехь лелийна маьӀна. Пхьоьхане болу халкъан хьежам хийцабалар.

Керла дешнаш.

Талламан хаттарш а, тӀедахкарш а. Іамийнарг тӀечӀагӀдар.

**Х1ара дакъа 1амийнчул т1аьхьа дешархо декхар ву хаа**:

– адамо ша шеца чохь, арахь, новкъахь баккхийчаьрца, кегийчаьрца лелон деза г1иллакхаш;

– нохчийн халкъан г1иллаккхийн кхетош-кхиоран доккха маь1на.

**Дешархочун оцу декъехь** долу шен хаарш т1едуза йиш хир ю нохчийн а, кхечу къаьмнийн а 1илманчийн белхаш боьшу, фольклорах, исбаьхьаллин литературах пайда оьцуш.

**Хьаша тIеоьцуш, хьошалгIахь, диканехь, вуонехь лело деза гIиллакхаш**

Хьеше салам-маршалла хаттар. Иза баьрчче ваьккхина охьахаор. «туьха-сискал» хьалха хIоттор. Хьаша лоруш кечбеш болу кхача, иза хьалха хIоттор. Хьешана лерина чоь а, мотт а, юург а нохчийн доьзалехь гуттар а латтош хилар. Хьешана хIоттийна шун долор а, дIадахьар а.

Хьаша ларвар. Хьешан сий деш, ловзар дар, синкъерам бар я мовлад ешар вовшахтохар. Хьаша новкъа ваккхар. Къоьзан-Iам кхоллабаларх долу шира дийцар а, цуьнан оьздангаллин маьIна а.

«Хьаша-да ларар» бохучу дешнийн маьIна: хьаша хIусамдас а, хIусамда хьешо а лара везар.

Хьешо хIусамдеца, хIусамненаца лело деза гIиллакхаш. ХIусаман а, шуьнан (кхачанан) а йозалла. Хьешана тIедужу декхарш а, бехкамаш а.

Диканехь: зуда ялийча, доьзалхо дуьнен чу валаран цIай даздеш, стаг цамгарх я цхьана балех кIелхьара ваьлча, вина де тIедеъча, керла хIусам йича, кхиболу дика хиламаш билгалбохучохь стага лело деза гIиллакхаш. Диканан дегара гучудала хьакъ долу гIиллакхаш а, иштта дикане боьлхучу наха дIакхехьа деза некъаш а. Дикане воьдуш хьош хуьлу совгIаташ, цигахь олуш долу дешнаш.

Тезет. Тезета воьдучу стеган барзакъ. Тезетан дIахIоттам. Тезетан ден, Iеламнехан, баккхийчу нехан, кегийрхойн меттиг. Тезетана тIевоьдучу стага салам далар. ДоIа дар. Кадам бар. Тезетан кертахь, дакъа кешнашка дIахьош, кешнашкахь лело дезарг. Тоьшалла дар, цуьнан философски, оьздангаллин маьIна. Тезетахь зударийн меттиг. Тийжамаш а, бусалба дино уьш бехкар а.

Вуон деъначу нахаца лело деза гIилакхаш. Царна гIо-накъосталла дар – вуон деъначу деношкахь а, дийнна шарахь а. СагIа даккхарехь дакъалацар.

Керла дешнаш.

Талламан хаттарш а, тIедахкарш а.

Iамийнарг тIечIагIдар.

**Х1ара дакъа 1амийнчул т1аьхьа дешархо декхар ву хаа**:

– наха олучу дашо нохчийн юкъараллехь х1ун маь1на лелийна.

**Дешархочун оцу декъехь** долу шен хаарш т1едуза аьтто бу, нохчийн а, кхечу къаьмнийн а, яздархоша язйина произведенеш а, 1илманчийн белхаш а боьшуш, толлуш.

**Стаг оьздангаллин гура чохь латтош хилла гIиллакхаш**

Наха олу дош а, цо нохчийн дахарехь лело маьIна а. Стага шена оьздангаллин хехо лацар. «Элий», «лай» бохучу дешнийн оьздангаллин чулацам. ГIиллакхца, нийсонца, адамаллица билгалваьлларг – эла. Оьздангаллин бехкамаш ларбеш воцург – лай.

Мацах хиллачух масал эцар.

«Хьер кхайкхор» боху гIиллакх а, цо дIаяхначу заманахь нохчийн дахарехь лелийна маьIна а.

ХIуй кхайкхор а, оцу гIиллакхан башхалла а. КIарлагIа хIоттор а, оцу гIиллакхан башхалла а. Зуламхо юьртах, махках ваккхар а, оцу гIиллакхан башхалла а.

ЧIир. ЧIиро нохчийн дахарехь лело а, лелийна а маьIна. Нохчийн Iадато магайо чIир а, иза бусалба динаца йогIуш цахилар а. ЧIир йитар. Оцу гIиллакхан башхалла а, философски маьIна а.

МаслаIат. Нохчийчохь баьхна маслаIатан дай а, церан оьздангаллин сурт-сибат а.

Керла дешнаш.

Талламан хаттарш а, тIедахкарш а.

Iамийнарг тIечIагIдар.

**Х1ара дакъа 1амийнчул т1аьхьа дешархо декхар ву хаа**:

– стаг оьздангаллин гурахь латтош долу халкъан г1иллакхаш а, цу гура чуьра ваьллачунна оьздангаллин т1е1аткъам баран 1алашонца юкъаралло деш хилла та1зарш а муха хилла.

**Дешархочун оцу декъехь** долу шен хаарш т1едуза аьтто бу, нохчийн а, кхечу къаьмнийн а, яздархоша язйина произведенеш а, 1илманчийн белхаш а боьшуш, толлуш.

**Нохчийн къоман кхачанаш кечбаран а, духарш тегаран а, гIишлош яран а ламасташ**

Нохчийн къоман кхачанаш. Сискал, межарг, кIалддаьтта, тIоберам, жижиг-галнаш, бIараш, даьттагIа, хингалш, чIепалгаш, далланаш, курзанаш, кхеххкийна я кхерзина хьонка, туьха тосуш хьакхийна я кхерзина нитташ, нитташ чу боьхкина галнаш я хьолтIамаш (ахьаран я деман)… И кхачанаш кечбар а, церан башхаллаш а. Дезчу дийнан кхачанаш а, денна кечбен кхачанаш а.

Нохчийн къоман духарш. Боьршачу стеган духарш. Коьрта туьллу хIума: холхазан куй, кхакханан куй, бIегIиган (мангалан) куй, пес. ДегIан барзакъ: гIовтал, чоа, вета-туьдарг тесна коч, доьхка (шаьлтий-доьхкий). Мачаш: наьIар-мачаш, маьхьсеш, этгаш, пезагаш.

Зударийн духарш: гIабали, полша, коч, белехъюллург (пхьуьйшашдоцург), гуьлмаьнда, йовлакх, кортали, чухта, кIархаш, пошмакхаш.

Духарийн башхаллаш а, уьш тегар а. Заманца (XX бIешеран 30-чуй, 50-чуй шерашкахь, тIаьххьарчу хенахь) вайнехан духарш хийцадалар.

Нохчийн гIишлош яран ламасташ. БIов а, гIала а. Церан дIахIоттам а, коьчалш а. ГIап – иза цхьана доьзална лерина гIишлош а, царна гонаха йина керт а. Ков-керт. Схьайиллина учеш. ЧIапа тхевнаш долу цIенош. Нохчийн гIишлош яран кепаш заманца (XX бIешеран 50-60 шераш, тIаьххьара хан) хийцаялар.

Керла дешнаш.

Талламан хаттарш а, тIедахкарш а.

Iамийнарг тIечIагIдар.

**Х1ара дакъа 1амийнчул т1аьхьа, дешархо декхар ву хаа**:

– нохчийн къоман кхачанаш кечбаран ламасташ;

– нохчийн къоман духарш тегаран ламасташ;

– нохчийн къоман г1ишлошъяран ламасташ.

**Дешархочун аьтту бу**, х1окху декъехула долу шен хаарш т1едуза, тайп-тайпанчу 1илманчийн белхех пайда а оьцуш, музейн экспонаташка а, документальни фильмашка а хьожуш.

**Шарахь Iамийнарг карладаккхар.**

**7 чу - классана нохчийн г1иллакх-оьздангалла хьехаран шеран хьесапаш**

**Сахьташ (шарахь-34; к1иранах-1)**

| № | Теманаш | с | Календарни хенаш | Билгала урок елла хан |
|---|---|---|---|---|
| | **Нохчийн г1иллакх – оьздангаллин коьрта мехаллаш.** | **17** | | |
| 1 | Адаман дахаран мах. | 1 | | |
| 2 | Бехке воцу стаг вийча, цунна хуьлуш долу къа а, дог1у та1зар а. | 1 | | |
| 3 | «Сий» - бохучу кхетаман маь1на. | 1 | | |
| 4 | Сий – стеган дикачу г1иллакхийн жам1. | 1 | | |
| 5 | «Собар» кхетаман маь1на. | 1 | | |
| 6 | Собар – иза хиллачух нийса кхета а, сихаллехь сацавала а хаар ду. | 1 | | |
| 7 | Майралла. Майралла а, сонталла а. | 1 | | |
| 8 | «Яхь» - бохучу кхетаман маь1на. | 1 | | |
| 9 | Яхь а, хьаг1 а. | 1 | | |
| 10 | Къинхетам а, къизалла а. | 1 | | |
| 11 | Комаьршалла. Саг1ийна х1ума ялар-комаьршаллин билгало. | 1 | | |
| 12 | Комаьршалла а, кхоаме хилар а, б1аьрмецигалла а. | 1 | | |
| 13 | Тешам а, тешнабехк а. | 1 | | |
| 14 | Доттаг1алла | 1 | | |
| 15 | Къонах | 1 | | |
| 16 | Берашна ламаз 1амор, школе даха кечдар. | 1 | | |
| 17 | 1амийнарг карладаккхар. | 1 | | |

| № | Теманаш | с | | |
|---|---|---|---|---|
| | **Адамо ша – шеца, чохь, арахь, новкъахь, баккхийчаьрца, кегийчаьрца лело деза г1иллакхаш.** | **17** | | |
| 18 | Стеган оьздангалла. | 1 | | |
| 19 | «Ц1еналла ах дин ду», - бохучу хьадисан чулацам. | 1 | | |
| 20 | Стеган духарца хила еза ц1еналла. | 1 | | |
| 21 | Коьрта х1ума тилларан маь1на. | 1 | | |
| 22 | Нахе вистхиларан кепаш. | 1 | | |
| 23 | Хьаша т1еэцар. | 1 | | |
| 24 | Диканехь лело деза г1иллакхаш. | 1 | | |
| 25 | Тезет. | 1 | | |
| 26 | «Элий», «Лай». | 1 | | |
| 27 | Меттан оьздангалла. Пхьоьха. | 1 | | |
| 28 | Нохчийн къоман кхачанаш. | 1 | | |
| 29 | Нохчийн къоман духарш. | 1 | | |
| 30 | Боьршачу стеган духарш. | 1 | | |
| 31 | Заманца вайнехан духарш хийцадалар. | 1 | | |
| 32 | Нохчийн г1ишлош яран ламасташ. | 1 | | |
| 33 | Вуон деъначу нахаца лело деза г1иллакхаш. | 1 | | |
| 34 | Шарахь 1амийнарг карладаккхар. | 1 | | |
| | | 34 | | |